



## Geni de Tou lè Jou

### Machin Senp Lachas Trezò

Machin senp se machin ki gen enpe oubyen okenn pati ki bouje ladan'l ke ede fè travay pi fasil. Genyen sis diferan tip e lè w'ap chache yo sa kapab vinn yon bon lachas trezò kelkeswa kote ou ye. Eske ou kapan jwenn egzanp de machin senp?


#### Machin Senp



**Levyè** - Yon bwa ki rete sou yon pwent. Ou plase pwa sou yon pwent e aplike fòs sou yon lòt pwent. Egzanp: Sizo, pèl, si pou koupe



**Kawoutchou ak aksèl** - Yon kawoutchou ki konekte ak yon aksèl. Tou lè de kapab vire lè ou mete fòs sou li. Egzanp: volan machin, volan yon tondès gazon, seri yon pòt



**Pouli** - yon volan sou yon aksèl ak yon kòd ki chita sou volan. Ou plase yon bagay sou yon pwent e aplike fòs sou yon lòt pwent. Egzanp: poto drapo, pèsyen fenèt



**Pant** - yon sifas ki plat ki panche. Li pi fasil pou pouse yon bagay sou yon ranp ke pou leve bagay lou an. Egzanp: ranp, glisad



**Kwen** - De ranp ki fè yon zouti an triyang ke ou kapab sèvi pou separe objè. Egzanp: pèl, si pou koupe, dan, arè pòt (sa ki an triyabg yo)



**Vis-** yon fè ki gen danti ki vire an ron. Egzanp: kouvèti bokal, vis, anpoul

